

# Rasanble Ale Pran

Apati 1ye janvye  
2010, gen nouvo  
egzijans pou lisans  
ak katdidantite

**Avèk èd nou, ou kapab ale pi vit nan pwosesis la epi w ap swiv etap sa yo :**

**Rasanble** dokiman w.

**Ale** nan yon biwo sikilasyon.

**Pran** nouvo kat ou an.

**Chèche konnen kisa pou ou pote pou w fè ekonomi yon dezyèm vwayaj !** Sèvi ak lis verifikasyon ki sou do sa a oubyen enprime yon lis verifikasyon dokiman pèsonèl ou nan entènèt :

**[www.RasanbleAlePran.com](http://www.RasanbleAlePran.com)**

## W ap renouvle lisans ou ? Ou kapab fè ekonomi deplasman an.

Ou kapab renouvle yon lisans **yon fwa** nan entènèt oswa pa lapòs yon fwa sou de. Ekonomi deplasman an se pou renouvèlman lisans oubyen pou ranplasman- se pa pou nouvo lisans oswa chanjman non w sou lisans lan. Pou w renouvle sou entènèt, ale nan [www.GoRenew.com](http://www.GoRenew.com).

## Nouvo Egzijans pou Dokiman yo

Si se nan biwo a w ap prezante, ou dwe pote **fòm patikilye pou pwouve** idantite w, nimewo Sekirite Sosyal ou ak adrès kote w rete a. Lis verifikasyon ki la yo ba w lis kèk dokiman ki valid. Si w ta vle wè lòt opsyon ki genyen pou dokiman yo, vizite **[www.RasanbleAlePran.com](http://www.RasanbleAlePran.com)**. Ou kapab pwograme yon randevou nan yon biwo nan [www.flhsmv.gov](http://www.flhsmv.gov).

### 1. Idantifikasyon : Sitwayen Etazini

#### W ap pote youn nan sa yo :

- Yon akdenesans sètifye peyi Etazini
- Yon paspò peyi Etazini ki valid
- Yon sètifika natiralizasyon
- Yon prèv konsila bay ki di ou fèt aletranje

### 2. Nimewo Sekirite Sosyal (si yo te ba w youn)

#### W ap pote youn nan sa yo :

- Kat Sekirite Sosyal
- Fòm W-2
- Yon chèk lajan travay ou ki montre nimewo a

### 3. Adrès Kote w Rete (ki pa bwat postal)

#### W ap pote de nan sa yo :

- Tit pwopriyete, papye mògèdj, livrè peman oswa kontra lokasyon
- Papye anrejistremachin lan nan Florid oubyen tit
- Bòdwo kouran,dlo oswa demann pou yo konekte w

### Chanjman non legal (si li aplikab)

- Orijinal oswa kopi sètifye tout sètifika maryaj oubyen jijman lajistis ki montre non w chanje. (Fotokopi ki pa sètifye pa valid)

### Imigran

Egzijans pou dokiman yo se menm pou nimewo Sekirite Sosyal (si yo te ba w youn), adrès kote w rete ak chanjman non. Pou dokiman idantifikasyon yo, tanpri vizite :

**[www.RasanbleAlePran.com](http://www.RasanbleAlePran.com) (850) 617-3995**

Pou w jwenn plis enfòmasyon  
ak yon lis konplè, vizite  
**[www.RasanbleAlePran.com](http://www.RasanbleAlePran.com)**